Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON AKÒ TRAVAY SENK ANE AVÈK ASOSYASYON ANPLWAYE FONKSYON PIBLIK LA

Akò avèk CSEA a kouvri plis pase 55,000 anplwaye Eta Nouyòk, youn nan pi gwo sendika anplwaye piblik nan Eta a

Akò yo gen ladan ogmantasyon salè anyèl, ogmantasyon nan peman lokal ak chanjman nan benefis sante

Kontra a sijè a ratifikasyon manm sendika

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse administrasyon li a rive jwenn yon akò kontraktyèl avèk Asosyasyon Anplwaye Fonksyon Piblik (Civil Service Employe Association, CSEA) la, pou yon manda senk ane k ap dire jiska 1ye avril 2031. Akò a sijè a ratifikasyon manm sendika a, ki gen ladan plis pase 55,000 anplwaye Eta Nouyòk nan yon bann kalite wòl.

"Akò sa a se yon bon zafè alafwa pou manm CSEA yo ak Eta Nouyòk," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Isit la nan Eta Nouyòk, nou bay anpil valè a fonksyonè piblik yo ak devouman yo pou fè Empire State la vin yon pi bon kote pou tout Nouyòkè yo viv. Mwen remèsye dirijan CSEA yo pou travay yo fè pou rive reyalize akò sa a, epi mwen remèsye manm CSEA yo pou angajman yo ak kontribisyon yo nan bay sèvis esansyèl pou pèp Eta Nouyòk la."

Prezidan CSEA, Mary E. Sullivan, te deklare, "Nou felisie Gouvènè Hochul dèske li rekonèt travay di manm CSEA yo ap fè chak jou pou eta a atravè kontra ki jis sa a. Akò sa a bay ogmantasyon salè ki enpòtan epi li ede fè fas ak defi pri lavi travayè yo ap rankontre."

Akò a gen ladan ogmantasyon salè pou anplwaye yo chak ane pandan tout dire akò a. Akò a gen ladan tou konje prenatal peye, ogmantasyon nan prim lokalizasyon, ansanm ak chanjman nan asirans sante ki diminye depans pou anplwaye yo lè yo elimine kèk frè patisipasyon epi redui nesesite pou itilize founisè swen sante ki pa nan rezo a.

CSEA reprezante anplwaye Eta Nouyòk nan kat inite negosyasyon yo. Manm òdinè CSEA yo dwe ratifye akò kontra sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU